

## **BAB III**

### **MÉTODEU PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Desain Panalungtikan**


Dina ngalaksanakeun panalungtikan, perlu pisan ayana métodeu salaku léngkah-léngkah gawé panalungtikan. Lantaran éta métodeu bisa ngagampangkeun dina ngalaksanakeun panalungtikan sarta bisa nyingkahan ayana salah paham, salian ti éta, éta métodeu ogé bisa méréскеun masalah.

Métodeu panalungtikan nyaéta kumpulan aturan, kagiatan, sarta prosedur nu dipaké nalika panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métodeu déskriptif. Nurutkeun Moleong (2012, kc. 6) panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun maham kana fénoména ngeunaan naon-naon anu kaalaman ku subjek panalungtikan misalna paripolah, persepsi, motivasi, tindakan jeung lain sajabana, sacara holistik sarta ku cara deskripsi dina wangun kekecapan jeung basa, dina hiji konteks anu husus nu alamiah ku cara ngamangpaatkeun métodeu alamiah.

Nilik kana wangenan diluhur bisa dicindekkeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun meunangkeun pamahaman anu leuwih jero ngeunaan masalah-masalah manusa jeung sosial, sarta panalungtikan dilakukeun dina latar anu alamiah lain hasil manipulasi variabel.

Arikunto (2013, kc. 3) nétélakeun yén métodeu déskriptif mangrupa panalungtikan anu miboga tujuan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal-hal liana, anu hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan.

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métodeu déskriptif desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana galur saperti dina bagan 3.1.



**Bagan 3.1**  
**Désain Panalungtikan**

## 3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

### 3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Kacamatan Cijeruk nu mangrupa salah sahiji ti 40 kacamatan nu aya di Kabupatén Bogor. Masarakat Cijeruk mayoritas nganut agama Islam, sarta miboga pakasaban tani, dagang, PNS, polri jeung swasta.

Wilayah nu aya di Kacamatan Cijeruk diwangun ku salapan désa. Salapan désa anu aya di Cijeruk nyaéta Désa Cibalung, Désa Cijeruk, Désa Cipicung, Désa Cipélang, Désa Palasari, Désa Sukaharja, Désa Tajur Halang, Désa Tanjung Sari, jeung Désa Warung Menteng. Kacamatan Cijeruk téh miboga wates wilayah nyaéta:

- Belah wétan : Kacamatan Caringin
- Belah kalér : Kota Bogor
- Belah kidul : Kacamatan Cigombong
- Belah kulon : Kacamatan Tamansari

Sacara géografisna, Kacamatan Cijeruk miboga luas  $\pm 4.719,29$  Ha anu ngawengku pasawahan, tegal/kebon, huma, balong, lahan tani, bangunan sarta leuweung. Jumlah masarakatna dumasar kana hasil ngadata taun 2015 aya jiwa.

Ieu lokasi téh dijadikeun tempat panalungtikan. Pangna ieu daérah dijadikeun tempat panalungtikan lantaran di Kecamatan Cijeruk téh miboga masarakat nu beragam dina ngagunakeun basa sapopoéna.

**Peta Lokasi Kacamatan Cijeruk**



Keterangan:

- 1) Désa Sukaharja
- 2) Désa Palasari
- 3) Désa Cipicung
- 4) Désa Cibalung
- 5) Désa Warung Ménténg
- 6) Désa Cijeruk
- 7) Désa Cipélang
- 8) Désa Tajur Halang
- 9) Désa Tanjung Sari

### 3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Anu disebut sumber data dina panalungtikan nyaéta asalna data nu rék dijaring. Sumber data panalungtikan mangrupa subjék data anu rék ditalungtik. (Arikunto, 2013, kc. 172). Sumber data ngawengku tilu rupa, nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*).

- 1) Jalma (*person*), nyaéta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angka.
- 2) Tempat (*place*), nyaéta sumber data anu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing atawa gerak mangrupa objék pikeun métodeu obsérvasi.
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*), nyaéta sumber data anu mangrupa tanda-tanda, angka, gambar, atawa symbol-simbol séjénna. Dokumén mangrupa objek nu dipaké pikeun métodeu dokuméntasi

Dumasar kana pedaran di luhur, sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Sumber data anu mangrupa jalma (*person*) nyaéta masarakat di Kacamatan Cijeruk Kabupatén Bogor, ditingali tina rupa-rupa pakasaban. Di antarana waé aya pakasaban patani, padagang, guru, wirausaha, supir, ojég, jeung ustad.

- 2) Sumber data anu mangrupa tempat (*place*) nyaéta Kacamatan Cijeruk Kabupatén Bogor nu ngawengku lima désa, nyaéta Désa Cijeruk, Désa Cipélang, Désa Cibalong, Désa Cipicung, jeung Désa Palasari.
- 3) Sumber data anu mangrupa kertas atawa dokumén (*paper*), nyaéta dokumén-dokumén nu mangrupa catetan jeung rekaman ragam basa Sunda.

Tina éta sumber data, kecap-kecap nu dipaké téh aya dina kagiatan pakasaban masarakat sapopoéna. Kandaga kecap dikumpulkeun dumasar kana pakasaban masarakatna sewang – séwangan. Éta istilah nu dijadikeun bahan ulikan atawa sampel tina panalungtikan lantaran réa dipaké dina kagiatan pakasaban sapopoéna.

### 3.3 Ngumpulkeun Data

#### 3.3.1 Instrumén Pangumpul Data

Pikeun ngumpulkeun data panalungtikan, diperlukeun ogé instrumén panalungtikan pikeun ngarojong kana hasil panalungtikan. Instrumen panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan téh leuwih gampang diolahna. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta: (1) padoman obsérvasi, (2) padoman wawancara, jeung (3) alat rékam.

##### 1) Padoman Obsérvasi

Obsérvasi dilaksanakeun pikeun mikanyaho kekecapan nu biasa dipaké ku unggal masarakatna. Tujuanana sangkan panalungtik meunangkeun data nu leuwih lengkep ti informan ku cara nuliskeun kekecapan nu dianggap béda jeung masarakat séjénna. Obsérvasi dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan niténan sakabéh paripolah informan dina ngagunakeun basa Sunda nu dipaké dina kahirupan sapopoé.

##### 2) Padoman Wawancara

Padoman wawancara nya éta runtuyan pananya nu bakal ditanyakeun ka narasumber ngeunaan objék nu ditalungtik, narasumber nu diwawancara kudu ditulis idéntitasna. Padoman wawancara dipaké calecer dina ngawawancara respondén

ngaliwatan patalékan-patalékan anu geus disadiakeun. Interview sok disebut ogé wawancara atawa kuisiónér lisan, nyaéta dialog sacara langsung anu dilaksanakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun informasi ti informan (Arikunto, 2013, kc.198). Padoman wawancara anu baris digunakeun di antarana mangrupa patalékan-patalékan, saperti ieu di handap.

**Tabél 3.1**  
**Padoman Wawancara**

No.	Katégori Pakasaban	Istilah	Harti
1.	Padagang		
2.	Tukang Ojég		
3.	Supir		
4.	Patani		
5.	Ustad/Ustadah		
6.	Wiraswasta		

Pikeun nuliskeun data narasumber nu diwawancara, ogé diperlukeun format data informan. Format data informan nu jadi titincakan dina panalungtikan diébréhkeun saperti ieu di handap.

**DATA INFORMAN**

Kampung: ..... Désa/Kelurahan:.....

Kacamatan: Cijeruk Kabupatén: Bogor

- 1) Ngaran : .....
- 2) Umur : ..... taun
- 3) Jenis Kelamin : L/P
- 4) Tempat Pinggumelar : .....
- 5) Pakasaban : .....
- 6) Atikan : .....
- 7) Status kulawarga : kawin/can kawin
- 8) Pangalaman cicing di luar daérah:
  - (1) Dimana : .....
  - (2) Sabaraha lila : .....
- 9) Aktivitas di luar daérah : .....
- 10) Basa nu digunakeun sapopoé:
  - (1) di kulawarga : .....
  - (2) di masarakat : .....
  - (3) di pakasaban : .....
  - (4) Nalika anjang-anjangan : .....

Wawancara Tanggal.....2017

di.....jam.....

Nu Ngawawancara .....

### 3) Alat Rékam

Alat rékam nu dipaké nya éta kamera jeung recorder dina *handphone*. Ieu alat digunakeun pikeun ngumpulkeun data ti informan ngeunaan ragam basa jeung kecap-kecap has nu aya dina tiap-tiap pakasaban.

### 3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nyaéta téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

#### 1) Téhnik Obsérvasi

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.200.) obsérvasi mangrupa hiji téhnik ngumpulkeun data anu dilakukeun ku cara ngayakeun panalungtikan sacara taliti, sarta nyatet sacara sistematis.

Panalungtikan ngagunakeun métodeu obsérvasi pikeun mikanyaho sacara langsung naon waé ragam basa nu aya di lapangan. Téhnisna dibagi jadi dua, nyaéta:

- a) Obsérvasi partisipatif, nyaéta panalungtik merhatikeun naon nu dikerjakeun masarakat, niténan naon nu diucapkeun jeung ilubiung dina aktifitas nu ditalungtik.
- b) Obsérvasi kalawan langsung, nyaéta panalungtik langsung ngomong ka narasumber yén keur ngalakukeun panalungtikan jeung panalungtik teu nerangkeun maksud tujuan pikeun bisa mikanyaho informasi nu dirahasiakeun informan.

#### 2) Téhnik Wawancara

Wawancara téh mangrupa hiji cara nu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data ku jalan méré patalékan – patalékan sacara langsung ka masarakat nu tangtu. Dina téhnisna aya sababaraha léngkah nu pelu disiapkeun, diantaranya:

- a) Nyusun kerangka wawancara, nyaéta topik nu jadi fokus utama jeung dikembangkeun jadi patalékan pikeun informan,
- b) Nyiptakeun suasana nu nyaman jeung kondusif,



- c) gancang dina narik kacindekan.
- d) Kritis kalawan tujuan ngajelaskeun kana jawaban ti informan.

### 3) Téhnik Dokuméntasi

Ngaliwatan téhnik dokuméntasi panalungtik ngumpulkeun data – data nu diperlukeun nu aya di tempat panalungtikan.

### 3.4 Analisis Data

Nurutkeun Bogdan jeung Biklen dina (Moleong, 2012, kc. 248) analisis data kualitatif nyaéta upaya nu dilakukeun ku jalan gawé jeung data, ngaorganisasikeun data, ngawilah-wilah jadi beungkeutan nu bisa diolah, ngasisntesiskeuna, neangan jeung manggihan pola, manggihan naon nu penting , jeung nangtukeun naon nu bisa dicaritakeun ka batur.

Dina ngolah data, digunakeun téhnik analisis tina kecap-kecap Basa Sunda anu geus dikumpulkeun waktu wawancara.

Anapon léngkah-léngkah ngolah datana, nyaéta:

- a. Mariksa data basa anu geus dikumpulkeun;
- b. Ngelompokkeun jenis pakasaban masarakatna;
- c. Nyieun papasingan data basa dumasar kana wangun kecapna;
- d. Nyieun papasingan data istilah dumasar kana pakasabanana;
- e. Nganalisis ragam basa Sunda pacabakan nu aya di Kacamatan Cijeuk Kabupatén Bogor;
- f. Nuliskeun harti tina istilah nu kapanggih dina tiap-tiap pakasabannana; jeung
- g. Nyieun kacindekan tina data nu dipilampah.